

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Atikan dina hakékatna mibanda tujuan pikeun ngamanusakeun manusa, anu di jerona aya prosés timbal balik antara nu ngatik jeung nu diatik. Atikan bisa dihartikeun salaku usaha sadar nu dilakukeun ku kulawarga, masarakat jeung pamaréntah ngaliwatan kagiatan bimbingan, pangajaran atawa latihan, nu lumangsung di sakola, jeung di luareun sakola kalawan lumangsung saumur hirup pikeun nataharkeun siswa sangkan bisa mintonkeun peran dina rupa-rupa lingkungan kalawan bener (Mudyahardjo dina Sumarya jeung Nuryani, 2010:29).

Tina sawangan di luhur, bisa katitén yén pangajaran nyaéta salasahiji prosés atikan. Luyu jeung éta sawangan, pangajaran basa jeung sastra Sunda miboga tujuan nyaéta pikeun ngawanohkeun sastra Sunda salaku khazanah budaya jeung inteléktual manusa Sunda, anu satuluyna dipiharep siswa bisa reueus kana basa jeung budaya Sunda. atuh nu utama dina ieu pangajaran téh sangkan siswa bisa maké basa Sunda dina kahirupan sapopoé kalayan bener.

Tina opat kaparigelan basa, ngaregepkeun mangrupa proses ngadangu katut maham kana naon nu ditepikeun. Dina pangajaran ngaregepkeun, siswa téh dipiharep pikeun maham jeung nyangkem ma'na nu nyangkaruk dina matéri nu ditepikeun.

Dina prakna, pangajaran ngaregepkeun tétéla loba nyanghareupan bangbaluh. Mike (2008:2) nétélakeun yén dina pangajaran nembangkeun pupuh

atawa tembang contona, muncul masalah-masalah saperti hésé dicangkemna tembang atawa pupuh nu diajarkeun. Lian ti éta, boh dina nepikeunana boh dina bobot materina nu horéng teu saeutik nu teu nerap ka siswa. Dina pangajaran basa Sunda kiwari hususna, teu saeutik pangajaran nu ditepikeun ka siswa teu luyu jeung nu dipiharep. Hal ieu teu leupas tina sababaraha faktor di antarana matéri nu kurang ngahudang karep siswa kana diajar.

Masalah pangajaran kiwari teu ngan saukur dina prakna, tapi ogé dina bahanna. Kawih nu ditepikeun lain kawih nu ilahar dipirig ku kacapi atawa gamelan. Kiwari, pangajaran kawih biasana diganti ku pop Sunda nu sacara teu sadar geus ngalindih posisi gamelan salaku alat musik tradisi. Atuh dina rumpaka nu diajarkeun ogé sakapeung teu luyu jeung ajén nu kudu dicangkem ku barudak saréngsena diajar kawih. Dipakéna pop Sunda pikeun bahan ajar saenyana kaharti. Ieu hal dilantaran keun pop Sunda leuwih ngirut batan kawihna sorangan. Pop Sunda tangtuna leuwih babari ditingali di TV, Sedengkeun kawih jarang pisan dipintonkeun. Ieu tangtu waé ngabaluarkeun rasa hariwang pikeun panalungtik. Nu jadi lantaranana nyaéta upama kawih diganti ku pop Sunda, tangtuna posisi kawih sorangan bakal kapopohokeun. Padahal, loba ajén luhung dina kawih nu bisa dijadikeun bahan ajar.

Pasualan kawih téh teu béda jauh jeung tembang Sunda Cianjuran. niténan kana cara diajarna, tembang leuwih hésé batan kawih. Nu matak teu anéh upama tembang kiwari kurang dipikawanoh ku barudak. Komo lamun nilik kana kaayaan jaman kiwari, pangaruh budaya asing leuwih rosa tur gancang nerapna ka barudak. Tangtuna waé éksisténsi tembang sorangan beuki nyirorot.

Dimas Patria, 2012

Tilikan Struktural Jeung Semiotik Kana Rumpaka Cianjuran Wanda Rambatan Sanggian Ubun Kubarsah Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkaeun Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Saenyana urang teu kudu nutup diri ku lobana pangaruh budaya deungeun, lantaran teu sakabéhna nu datang ti luar téh goréng. Dina kaayaan saperti kieu, urang tangtuna kudu tetep tagen tur bisa milih jeung milah budaya nu luyu jeung étika kasundaan.

Luyu jeung kamekaranana, tembang Sunda kiwari nambahan wanda anyar nyaéta wanda *rambatan*. Ieu wanda leuwih babari diturutan batan wanda-wanda séjénna kayaning *papantunan*, *jejemplangan*, *rarancagan*, *dedegungan*, jeung *kakawén*.

Dina Cianjuran wanda *rambatan* anu mangrupa pamekaran tina Tembang Sunda Cianjuran (nu tangtu teu ngaleungitkeun ornamén nu aya dina Cianjuran), bawirasa bisa muka lawang pikeun barudak sangkan diajar tembang, sabab wanda *rambatan* mangrupa inovasi anyar dina dunya tembang Cianjuran. Rumpaka Cianjuran wanda *rambatan* sanggian Ubun Kubarsah, tangtu waé ngandung kaéndahan nu diuwuh ku eusina nu euyeub ku ajén-ajén luhung sarta amanat anu nyamuni kayaning asih, moral, agama jeung réa-réa deui. Ajén luhung ieu nu dibutuhkeun di jaman kiwari pikeun ngawangun karakter budak. Di sagédéngéun éta, nilik kana tokoh nu nyiptakeunana, Ubun Kubarsah mangrupa tokoh nu milu mekarkeun tembang. Anjeunna ogé mangrupa tokoh nu ngaalpukahan gumelarna wanda *rambatan*.

Wanda *rambatan* miboga *dongkari* nu saenyana nyampak dina wanda séjénna. Ieu hal diungkarakeun ku Hendrayana dina Manglé no. 2291, anu kieu unina:

... Éta sababna, dina Sekar Anyar (kiwari Rambatana), Ubun Kubarsah henteu maké formula dangding nu bangun geus jadi 'kailaharan' dina saban nyanggi lagu anyar. Ubun leuwih milih néang sarta ngabaladah lahan anyar pikeun medalkeun produk anyarna. Demi konsépna, anteng nengetan jeung

Dimas Patria, 2012

Tilikan Struktural Jeung Semiotik Kana Rumpaka Cianjuran Wanda Rambatana Sanggian Ubun Kubarsah Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkaeun Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

ngimeutan tina gaya wanda *papantunan, jejemplangan, dedegungan, rarancangan, kakawén*. Ti dinya tuluy ditafsir ulang (reinterprétasi). Ku kitu téh, silsilah tina sari-sari wanda lagu tadi masih kénéh kapapay tur nembrak dina lagu Ubun, najan enya sakapeung sok matak pangling. (hal.7) ...

Dina ungkara di luhur katitén yén wanda *rambatan* téh dina enas-enasna teu ngaleungitkeun ornamen nu aya dina Cianjuran. Atuh dina wangunna teu kauger ku wangun dangding. kitu deui dongkari nu dipaké éstuning mangrupa pangabutuh kecap nu nyampak dina rumpakana.

Kegiatan ngaprésiasi tembang Cianjuran bisa nyeukeutan pola pikir siswa dina nalaah hiji karya rumpaka sangkan leuwih katémbong maksudna (Islami, 2011:5). Éta asumsi téh perlu dibuktikeun ku ayana panalungtikan. Panalungtikan ngeunaan aprésiasi tembang geus loba dilaksanakeun. Nu kacatet di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI, aya sababaraha panalungtikan nu maluruh ngeunaan tembang Sunda Cianjuran diantaranya “Istilah dina Tembang Sunda Cianjuran” beunang panalungtikan Wildan Fisabililhaq (2010), “Ajén Éstétika dina Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran pikeun Bahan Pangajaran Siswa SMA Kelas XI” beunang Kresna Pragita Sujiwa (2011), jeung ”Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran dina Wanda Rarancangan Karya Mang Bakang pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMA” beunang Dyna Islami (2011). Sedengkeun nu ngaguar perkara wanda *Rambatan* mung kapaluruh hiji nyaéta “Tradisi jeung Inovasi dina Cianjuran (Tilikan Struktural kana Sekar Anyar)” Tesis beunang Dian Hendrayana (2011). Ningali hal di luhur panalungtik ngarasa kataji pikeun maluruh tembang Cianjuran wanda *Rambatan*. Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saacanna bisa katitén tina rumpaka nu dianalisis. Bahan analisis

Dimas Patria, 2012

Tilikan Struktural Jeung Semiotik Kana Rumpaka Cianjuran Wanda Rambatan Sanggian Ubun Kubarsah Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkaeun Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

dina ieu panalungtikan dipuseurkeun kana rumpaka sanggihan Ubun Kubarsah nu aya dina album “Regas”. Analis nu dipaké pikeun ngaguar rumpaka nyaéta struktural jeung sémiotik. Ngaliwatan ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun daya irut tur pamahaman barudak kana tembang Sunda Cianjuran. Anapon ieu panalungtikan baris dilaksanakeun kalawan judul “Tilikan Struktural jeung Sémiotik kana Rumpaka Cianjuran Wanda Rambatan Sanggihan Ubun Kubarsah pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMA”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan puguh garapeunana, ieu panalungtikan perlu diwatesanan. Watesan dina ieu panalungtikan nyaéta nyoko kana analisis puisi dina rumpaka Cianjuran dina wanda Rambatan. Hal-hal nu baris dianalisis tangtuna wangun jeung eusi nu nyangkaruk dina rumpaka, dimana eusina bakal dipedar ku tilikan struktural jeung sémiotik.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah jeung kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya di handap:

- 1) Kumaha rumpaka Cianjuran wanda *rambatan* sanggihan Ubun Kubarsah ditilik tina strukturna?
- 2) Kumaha rumpaka dina Cianjuran wanda *rambatan* sanggihan Ubun Kubarsah ditilik tina tilikan semiotik?

Dimas Patria, 2012

Tilikan Struktural Jeung Semiotik Kana Rumpaka Cianjuran Wanda Rambatan Sanggihan Ubun Kubarsah Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- 3) Kumaha bahan pangajaran ngaregepkeun rumpaka Cianjuran wanda *rambatan* di SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu dipedar, ieu panalungtikan ngabogaan tujuan anu baris dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh ngeunaan rumpaka Cianjuran wanda *rambatan* sanggian Ubun Kubarsah pikeun bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA. Ku kituna, urang kudu maluruh ngeunaan ma'na dina rumpaka Cianjuran wanda *Rambatan* ngaliwatan tilikan struktural jeung semiotik.

1.3.2 Tujuan Khusus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan nu hayang dihontal, nyaéta ngadéskripsikeun:

- 1) struktur rumpaka Cianjuran wanda *rambatan* sanggian Ubun Kubarsah;
- 2) tilikan sémiotik rumpaka Cianjuran wanda *rambatan* sanggian Ubun Kubarsah;
- 3) bahan pangajaran ngaregepkeun rumpaka Cianjuran wanda *rambatan* sanggian Ubun Kubarsah di SMA.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh di antarana mangpaat nu sipatna téoritis jeung nu sipatna praktis.

1.4.1 Manfaat Téoritis

Mangpaat téoritis ieu panalungtikan nyaéta sangkan bisa méré sumbangan pikeun sistem pendidikan dina hal kebudayaan, hususna ngeunaan wanda *rambatan* nu mangrupa wanda anyar dina dunya tembang dina pangajaran basa jeung sastra Sunda.

1.4.2 Manfaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat praktis hususna pikeun nu nalungtik, guru, siswa, jeung masarakat.

1) Pikeun nu nalungtik,

Ku ayana ieu panalungtikan, panalungtik bisa mikanyaho leuwih teleb, tur bisa numuwuhkeun rasa resep jeung reueus hususna kana seni tembang wanda anyar.

2) Pikeun siswa

Hasil ieu panalungtikan bisa dipaké siswa pikeun mikawanoh kana seni tembang sunda wanda *rambatan* ogé nambahan pangaweruh ngunaan kasenian tradisional Sunda.

3) Pikeun guru

Ngaliwatan ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh guru dina ngamekarkeun bahan ajar basa Sunda ku cara ngagunakeun wanda *rambatan* jadi bahan pangajaran.

4) Pikeun masarakat

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa numuwuhkeun minat jeung karesep nu balukarna bisa nimbulkeun karep pikeun ngamumulé seni tradisional Sunda, nyaéta seni tembang di tengah-tengah pangaruh budaya modern.

1.5 Asumsi

Dina ieu panalungtikan miboga sababaraha asumsi diantarana:

- 1) Cianjuran mangrupa seni sora nu mimiti mekar di Cianjur kalayan alpukahna Kanjeng Dalem Pancaniti.
- 2) Wanda *rambatan* mangrupa karya cipta inovasi anyar nu teu ngaleungitkeun ornament nu aya dina tembang Sunda Cianjuran.
- 3) Cianjuran wanda *rambatan* bisa ngawarnaan bahan pangajaran basa Sunda nu diluyukeun jeung kurikulum.
- 4) Strukturalisme jeung semiotik mangrupa téori anu penting digunakeun pikeun nalungtik hiji karya sastra.

1.6 Méthode Panalungtikan

Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta déskriptip analitis. Ieu méthode dipaké pikeun nganalisis data nu mangrupa kekecapan, kalawan méré gambaran ngeunaan kaayaan nu ditalungtik dina wangun runtuyan naratif.

Dimas Patria, 2012

Tilikan Struktural Jeung Semiotik Kana Rumpaka Cianjuran Wanda Rambatan Sanggian Ubun Kubarsah Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkaeun Di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

1.7 Raraga Nulis

Raraga nulis dina ieu skripsi, nyaéta:

- 1) BAB I ngeunaan Bubuka. Eusina ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, mangpaat panalungtikan, asumsi, jeung métode panalungtikan.
- 2) BAB II ngeunaan tiori. Eusina ngawengku tiori nu baris dipaké dina nganalisis rumpaka Cianjuran wanda *rambatan*. Anapon tiori nu dipedar ngeunaan naon ari sastra, puisi, tembang Sunda Cianjuran, sémiotik, jeung bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA.
- 3) BAB III ngeunaan metodologi panalungtikan. Eusina ngawengku desain panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung sumber data panalungtikan.
- 4) BAB IV ngeunaan Analisis Rumpaka Cianjuran Wanda *rambatan* Sanggian Ubun Kubarsah Pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMA. Eusina ngawengku analisis struktural jeung sémiotik rumpaka, jeung bahan pangajaran ngaregepkeun di SMA.
- 5) BAB V ngeunaan kacindekan jeung saran. Eusina ngawengku kacindekan panalungtikan jeung saran.